

## **IMPLIKATUR CECATURAN SAJRONE FILM ‘KARTINI’**

**Mar'atus Sayyidah**

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
Maratussayyidah16020114061@mhs.unesa.ac.id

**Dr. Murdiyanto, M.Hum.**

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

### **Abstrak**

Implikatur cecaturan mujudake salah sawijine elmu pragmatik. Implikatur diperang dadi loro yaiku implikatur cecaturan umum lan implikatur cecaturan khusus. Adhedhasar andharan kasebut underane panliten yaiku: (1) Apa wae jinis implikatur cecaturan sajrone film ‘Kartini’, (2) Fungsi implikatur apa wae kang ana sajrone cecaturan film ‘Kartini’, (3) Makna implikatur apa wae kang ana sajrone cecaturan film ‘Kartini’. Jumbuh karo underane panliten kasebut, ancase panliten yaiku: (1) Ngandharake apa wae jinis implikatur cecaturan sajrone film ‘Kartini’, (2) Ngandharake apa makna implikatur cecaturan sajrone film ‘Kartini’, (3) Ngandharake apa wae fungsi implikatur kang ana ing sajrone cecaturan film ‘Kartini’.

Teori kang digunakake yaiku Teorine Searle kang disengkuyung dening teorine Grice. Metodhe panliten iki gunakake metodhe deskriptif kualitatif. Sumber dhata panliten iki yaiku film ‘Kartini’. Dhata ing panliten iki dikumpulake kanthi cara transkrip cecaturan saka film dadi teks. Tatacara ngumpulake dhata yaiku kanthi cara nyemak, lan transkrip cecaturan. Tatacara nyuguhake dhata yaiku kanthi cara informal. Lan tatacarane njentrehake dhata yaiku kanthi cara metodhe distribusional lan dheskriptif.

Asile panliten kang wis ditindake yaiku nemokake jinis implikatur cecaturan kang tinemu yaiku implikatur pacaturan umum lan implikatur pacaturan khusus. Banjur fungsi implikatur ditemokake ana ing panliten iki yaiku fungsi implikatur asertif nyatakake, fungsi asertif nglaporake, fungsi implikatur ekspresif atur panuwun, fungsi implikatur ekspresif njaluk seputra, fungsi implikatur dhirektif mrintah, fungsi implikatur dhirektif takon, fungsi implikatur komisif janjeni, fungsi implikatur deklaratif paukuman.

Tembung Wigati : Implikatur cecaturan, film ‘Kartini’, Jinis, Makna, Fungsi.

### **PURWAKA**

Bageyan purwaka iki diprinci dadi limang subbab, yaiku (1) landhesane panliten, (2) underane panliten, (3) tujuwane panliten, (4) paedahe panliten, lan (5) panjlentrehe tetembungan. Luwih jangkepe ing ngisor iki.

#### **1.1 Landhesane Panliten**

Basa hakekate yaiku piranti komunikasi kanggo interaksi karo manungsa liyane kang ditindake ing bebrayan, basa digunakake saben dina dening manungsa kanthi cara lisan utawa tulis. Manungsa minangka makhluk sosial nggunakake basa minangka media kanggo komunikasi karo wong liya. Basa minangka media komunikasi sing digunakake kanggo interaksi sosial ing masyarakat. Manungsa nggunakake basa kanggo nyebut ide, ngirim pesen, lan menehi informasi marang wong liya. Basa bisa ndhukung kagiyatan urip ing masyarakat kanggo sesambungan karo wong siji lan liyane. Basa lisan lan tulisan minangka wujud sarana komunikasi. Komunikasi minangka salah sawijining cara kanggo ngandharake pikiran lan perasaan sing bakal disampaikan marang wong

liya kanthi nggunakake basa. Pikiran lan perasaan kudu dicritakake nganggo basa sing apik supaya bisa dingerten dening wong liya. Bentuk pangiriman pikiran lan perasaan bisa awujud informasi sing disampaikan nganggo basa sing diucapake utawa ditulis.

Kanthalanane basa bisa gampangke manungsa gawe ngandharake apa kang dikarepane, masiya sajrone komunikasi manungsa kadang ora langsung blaka ngandharake apa kang dikarepane, saengga kedadeyan interaksi antara panutur lan mitra tutur. Babagan iki gayut karo panemune P.W.J. Nababan (1993:40) yen fungsi basa kang paling dhasar yaiku gawe komunikasi, minangka piranti pergaulan lan gegayutan karo sapadha manungsa saengga kabentuk sawijine sistem sosial utawa masyarakat. Sajrone komunikasi diperlokake kelancaran kang didukung kawruhan ngenani babagan kang dituturke. Ananging sajrone tuturan kasebut ana kang ngandhut implikatur.

Sajrone panliten iki panliti njupuk film kang nduwensi irah-irahan KARTINI. Film kasebut nduwensi wigati kang becik amarga film iki kalebu film biografi wira perjuwangan paraga emansipasi wadon. Cecaturan sajrone

film kasebut gunakake basa jawa, basa Indonesia, lan basa Landa, ananging nalikane paraga gunakake basa jawa utawa basa landa ana sajrone film ana alih basa awujud tulisan basa Indonesia ing layar, supaya wong kang ndelok ananging ora paham basa jawa bisa mangerten iya isi saka film kasebut. Saben cecaturan antar paraga sajrone film KARTINI mestine nduweni maksud lan ancas tertamtu, saengga akeh ngandhut implikatur cecaturan.

### 1.2 Undere Panliten

Adhedhasar lelandhesan ing nduwur mula underan panliten dioerang dadi 3, yaiku :

1. Apa wae jinis implikatur kang kalebu sajrone cecaturan *film KARTINI*?
2. Fungsi implikatur apa wae kang ana sajrone cecaturan *film KARTINI*?
3. Makna implikatur apa wae kang ana sajrone cecaturan *film KARTINI*?

### 1.3 Tujuwane Panliten

Adhedasar lelandhesan lan underan paneliten, pemaca bisa mangerten iya :

1. Ngandharke Apa wae jinis implikatur kang kalebu sajrone cecaturan *film KARTINI*
2. Deskripsi fungsi implikatur sajrone cecaturan *film KARTINI*
3. Deskripsi makna implikatur sajrone cecaturan *film KARTINI*

### 1.4 Paedahe Panliten

1. Panliten iki bisa nambah wawasan ngenani kawruhan implikatur cecaturan sajrone film Kartini.
2. Bisa dadi referensi kanggo panliten-panliten sabacute ngenani implikatur cecaturan.
3. Panliten iki dikarepke bisa ngewenehi kawruhan babagan sinau basa utamane mahami lan ngewenehi makna marang sawijining tuturan.

### 1.5 Panjlentrehe Tetembungan

Ana ing panliten ilmiah *definisi operasional* nduweni teges kang wigati banget amarga gegayutan karo tembung-tembung kang digawe ana ing sajrone panliten, ing ngisor iki bakal diandharke saperangan tembung kang bakal kerep metu ana ing panliten iki.

1. *film Kartini* : *film* kang nyritakake wira perjuwangan emansipasi wong wadon ing Indonesia, *film* iki gunakake 3 basa, yaiku basa Jawa, basa Indonesia, lan basa Landa. Diproduksi dening *Warisan Gambar lan Screenplay Film*. Disutradarai dening Hanung Bramantyo.
2. Jinis implikatur: Implikatur kang kinandhut ana ing cecaturan sajrone film bisa awujud implikatur umum utawa implikatur khusus.
3. Fungsi implikatur : ngandharake maksut kang ana ing walike tuturan lisan kang ora di caturke langsung.

4. Satuan Lingual: satuan kang ngandhut teges, leksikal uga gramatikal.

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### 2.1 Panliten Saemper

Panliten ngenani bab implikatur cecaturan iki wis tau di tliti karo panliti liya, Kaya dene implikatur cecaturan sajrone dhata kang awujud pidio uga wis nate ditliti. Panliten kang wis nate nliti bab kang gayut karo panliten iki yaiku, Linanda Dharayuan Novalita (2018) kanthi irah-irahan Implikatur Percakapan dalam Seni Pertunjukan “Soto Madureh”. Ing panliten iki nduweni tujuwan yaiku (1) deskripsi bentuk lan fungsi saka implikatur cecaturan sajrone pertunjukan Soto Madureh. (2) banjur panliten iki uga ndheskripsi makna saka implikatur cecaturan sajrone pertunjukan soto madureh. Jinis saka panliten iki yaiku kualitatif kang asipat deskriptif, methode pangumpulan dhata nganggo tata cara nyimak bebas libat cakap lan nyatet. Dene analisis e kango methode padan. Kasil saka panliten iki yaiku ditemokake kepriye bentuk, fungsi lan makna implikatur cecaturan sajrone seni pertunjukan soto madureh.

Novi Endah Safitri (2019) kanthi irah-irahan Implikatur Sajrone Basa Panyuwunan ing Kelurahan Lidah Wetan, Kecamatan Lakarsantri, Kutha Surabaya. Ing panliten iki nduweni tujuwan (1) ngandharake jinis implikatur sajrone panyuwunan ing Kelurahan Lidah wetan Kecamatan Lakarsantri Kutha Surabaya, (1) ngandharake lan njlentrehake tujuwan kang kinandhut implikatur sajrone basa panyuwunan Kelurahan Lidah Wetan Kecamatan Lakarsantri Kutha Surabaya. Dene jinis saka panliten iki yaiku etnografis kang gunaake teorine Grice. Tatacarane njlentrehake dhata kanthi metodhe distribusional lan dheskriptif. Dene tatacara nyuguhake jlentrehan dhata kanthi metodhe informal. Kasil saka panliten iki kaperang dadi loro yaiku jinis implikatur sajrone basa panyuwunan lan tujuwane implikatur sajrone basa panyuwunan.

Ahmad Fahmi Rosyidul Haq (2019) kanthi irah-irahan Implikatur Dalam Akun Meme Politik Indonesia. Ing panliten iki nduweni ancas (1) deskripsi jinis implikatur tuturan sajrone akun meme politik Indonesia (2) dekripsi fungsi implikatur kang ana ing akun meme politik Indonesia. Panliten iki uga gawe teorine Stephen C. Levinson lan teori fungsi basa saka Jakobson. Metodhe lan tatacara kang digawe kanggo ngumpulake dhata yaiku nyimak bebas libat cakap, nyatet lan tatacara dokumentasi, dene ing panjlentrehan dhata gawe metodhe padan tatacara gayut banding madhakake babagan pokok. Asil saka panliten iki yaiku tuturan sajrone meme ditemokake 2 jinis, yaiku tuturan meme kang nduweni jinis implikatur umum lan tuturan meme kang nduweni jinis implikatur khusus.

Dini Nurul Latifah (2015) kanthi irah-irahan Implikatur Prinsip Kerja Sama Dalam Debat Calon Presiden Dan Calon Wakil Presiden 2014. Panliten iki nduweni ancas (1) deskripsi jinis implikatur sajrone debat calon presiden dan calon wakil presiden taun 2014. (2)

deksripsi kake fungsi implikatur sajrone debat calon presiden lan calon wakil presiden taun 2014. (3) deskripsi kake penerpan prinsip kerjasama Grice sajrone debat calon presiden dan calon wakil presiden taun 2014. Panliten iki nganggo teorine Grice uga amarga anggone nlti dheweke gawe konsep prinsip kerja sama Grice. Asil saka panliten iki nuduhake yen jinis implikatur konvensional ana 22%, implikatur nonkonvensional 5%, lan tuturan kang ora nduweni implikatur kabebe 73% ana ing debat calon presiden lan calon wakil presiden taun 2014.

Rizki Putri Srikanini (2015) kanthi irah-irahan Implicature Used By English Department Student. Panliten iki nduweni ancas (1) deskripsi kake pangribawan maxim sajrone implikatur cecaturan , (2) deskripsi kake implikatur kang digunakake nganggo tuturan inggris ana mahasiswa jurusan basa inggris. Panliten iki kalebu panliten kualitatif kang asipat deskriptif uga. Teori kang digunakake ing panliten iki yaiku teorine Grice prinsip-prinsip kooperasi lan implikatur cecaturan. Asil saka panliten iki nuduhake yen implikatur uga gayut karo cara panutur manut, bully utawa nglanggar maksim cecaturan.

Teka ndaharan panliten saemper ing nduwur bentuk analisis implikatur cecaturan wis nate ditindake ing panliten liyane, ananging objek film jarang digunakake amarga jarang ana film kang gunakake basa jawa, panliten iki gunakake metodhe deskriptif kualitatif lan nyuguhake dhata kanthi cara informal. Dene analisis dhata gawe metodhe.

## 2.2 Pragmatik

Pragmatik mujudake tintingan kang gegayutane karo basa lan konteks kang kagramatikalisisi utawa kekodifikasi sajrone struktur basa. Levinson (1983) ngadharake yen Pragmatik mujudake sawijine istilah kang nduweni kesan khusus banget lan teknis kang dadi objek pacaturan, kamangka istilah kasebut ora nduweni teges kang cetha. Dene Gazdar, (1979:2) ngandharake yen Pragmatik iku tintingan ngenani deiksis, implikatur, presuposi, tindak tutur lan aspek-aspek struktur wacana. Ngenani saperangan andharan ing nduwur panemune Levinson (1983:5) nyaturke yen akehe definisi pragmatik kasebut dudu sawijine kang ganjel utawa sawijinek babagan kang perlu digatekake amarga siji definisi sering ora bisa ngebaké kekarepan wong kang butuhake. Dadi macem-macem definisi kasebut bisa digawe kanggo mecahake perkara-perkara kang dibutuhke.

Yen dijupuk kanthi cara simpel andharan ing nduwur bisa ditegesi kanthi mawa Pragmatik mujudake cabang linguistik kang nyinaoni basa kang digunakake gawe komunikasi sajrone situasi tertamtu. Dadi pragmatik kuwi nglibatke kepriye wong kang bisa padha-padha mahami siji karo liyane kanthi cara linguistik, ananging pragmatik bisa uga mujudake ruang lingkup studi kang ngethok semangat amarga studi iki meksa panliti kudu bisa mangerten i Wong Liya lan apa kang ana ing pikirané.

Pragmatik nduweni 4 aspek yaiku tindak tutur, praanggapan, dieksis lan implikatur, ing ngisor iki bakal diandharke perangan-perangan kasebut.

### 1. Tindak Tutur

Miturut Yule (2006:82) tindak tutur yaiku tumindak tumindak kang diwujudke lewat tuturan, sedalan karo kuwi, Kridalaksana (sajrone Putrayasa 2014:85) ngandharake yen tindak tutur yaiku kagiyatan manungsa kang gunakake basa marang mitra tutur sajrone komunikasi. Adhedhasar 3 andharan kasebut bisa didudut yen tindak tutur yaiku tuturan kang nduweni ancas gawe komunikasi kanthi maksut panutur bisa dimangerten i dening mitra tuture.

Miturut Searle (sajrone Nadar, 2009:12) hakekate kabeh tuturan ngandhut teges tumindak. Searle (sajrone Nadar 2009:12) nglasifikasike 3macem tumindak kang beda, yaiku tindak lokusioner, tindak ilokusioner lan tindak perlokusioner. Tumindak-tumindak kasebut diatur dening aturan utawa norma panggunaan basa sajrone situasi cecaturan antar 2 pihak, tuladhane situasi ing pasinaon kuliah, situasi tetepangan, situasi upacara adat, lan sapanunggalane, Schmidt lan Richards (sajrone Nadar 2009:14).

Tindak tutur ujaran (atcs pidato) yaiku ujaran sing digawe minangka bageyan saka interaksi sosial (Hudson dipetik Alwasilah, 1993: 19). Miturut Hamey (dipetik Sumarsono, lan Paina Partama, 2002: 329-330) tindak tutur minangka bageyan saka pristiwa, lan pristiwa tutur minangka bageyan saka kahanan tindak tutur. Saben acara pidhato diwatesi mung kanggo kegiyatan, utawa aspek kegiyatan sing diatur langsung dening aturan utawa norma kanggo pamicara. Tindak tutur bisa dumadi saka siji utawa luwih tindak tutur ing sawijining acara pidhato lan kahanan pidhato. Mula, tindak tutur utawa tindak tutur gumantung karo konteks nalika pamicara. Tuturan anyar mung bisa dingerten i yen ana hubungan karo kegiatan sing dadi konteks lan papan pidhato.

Padha karo pendapat Alwasilah (1993: 20) manawa ujaran yaiku gumantung saka konteks (gumantung karo konteks) Tumindak pidhato yaiku gejala individu, yaiku psikologis, lan ditemtokake dening kemampuan basa pamicara sajrone ngatasi kahanan tartamtu. Tumindak pidhato fokus marang makna utawa makna tumindak kasebut, dene acara pidhato luwih fokus marang tujuwan acara kasebut (Suwito, 1983: 33). Ing tuturan pidhato iki, pristiwa pidhato dumadi dening mitra tutur supaya bisa komunikasi. Agustin (dipetik Subyakto, 1992: 33) negesake tindak tutur saka segi penutur. Pangiriman sing resmi kanthi wujud pitakon menehi informasi lan uga bisa nindakake fungsi pidhato sing ditindakake dening pamicara. Mangkono pamicara sing ngucapake tindakan, kayata "Go!", "Mangga tinggalke omah iki, amarga sampeyan durung mbayar kontrak!" njupuk tumindak. Tindak tutur yaiku kagiyatan wong nggunakake basa kanggo mitra wicara supaya bisa

komunikasi. Makna apa sing disampekne ora mung bisa dingertenih adhedhasar panggunaan basa sing ngomong nanging uga ditemtokake dening aspek komunikasi kanthi komprehensif, kalebu aspek komunikasi.

## 2. Praanggapan

Presupposisi asale saka tembung nganti pre-suppose, sing ing basa Inggris tegese nganggep sadurunge, ing pangertene sadurunge panutur utawa panulis ngucapake babagan sing wis ana prasangka babagan interlocutor utawa perkara sing dibahas. Saliyane definisi kasebut, sawetara definisi presupposisi liya yaiku: Levinson (dipetik Nababan, 1987: 48) nyedhiyakake konsep presupposisi sing diselarasake karo presupposisi minangka jenis praduga utawa kawruh latar mburi sing ndadekake tumindak, teori, utawa ekspresi duwe makna. George Yule (2006: 43) ngandharake manawa presupposisi yaiku kedadeyan sing dianggep dening pamicara minangka acara sadurunge ngasilake pidato. Sing duwe presupposisi yaiku pamicara ora ukara. Louise Cummings (1999: 42) ngandharake manawa presupposisi yaiku asumsi utawa inferensi ekspresi saka ekspresi linguistik tartamtu. Nababan (1987: 46), menehi pangerten babagan presupposisi minangka dhasar utawa inferensi dhasar babagan konteks lan kahanan basa (nggunakake basa) sing ndadekake wujud basa (ukara utawa ekspresi) duwe arti kanggo para pamireng utawa panampa basa kasebut lan kosok baline, mbantu pamicara nemtokake formulir basa sing bisa digunakake kanggo medharake makna utawa pesen sing ditakoke.

## 3. Dheiksos

Tembung dheiksos asale saka basa Yunani deiktikos kang tegese “nuduhake sawijining babagan kanthi cara langsung”. Tembung bisa diarani dhioksos yen referene pindah-pindah utawa genta-genti, gumantung wektu lan panggonan anggone nuturke tembung kasebut (Kaswanti Purwo:1983:1-2); (Parker,1986:38). Levinson (1983:62) sajrone F.X Nadar (2009:55) nyebutke yen dheiksos diperang dadi 3 jinis, yaiku dheiksos person, dheiksos ruwang lan dheiksos wektu. Dheiksos persona mujudake tembung panuduh kanggo kata ganti kapisan lan kapindho tuladane -ku, -mu. Dene dheiksos ruwang mujudake tembung panuduh panggonan tuladhane ing kene, ing kono, kae, lsp. Dheiksos wektu mujudake tembung panuduh wektu tuladhane saiki, wingi sesuk lsp.

## 4. Implikatur

Wijana lan Rohmadi (2009:227) implikatur minangka tuturan kang ngandut maksut tertamtu utawa maksut kang disingidke, maksut liyane karo karo dituturke implikatur bisa dingertenih kanthi gampang yen antarane panutur lan mitra turut nduweni pamawas kang padha. Pengalaman lan kawruh kang dikarepake ing kene yaiku pengalaman lan

kawruh ngenani maneka warna konteks tuturan kang kalebu ukara-ukara kang diandharake dening panutur.

Implikatur yaiku salah sawijine satuan semantic pragmatis minangka tuturan kang ngandhut maksut sinigid, maksut kang beda karo apa karo dituturke. Implikatur bisa diarani makna tersirat. Grice sajrone (Mulyono, 1993:30) ngandharake menawa salah sawijine tuturan bisa ngimplikasike proposisi kang dudu bageyan saka tuturan kasebut. Gerald (1979:38) ngandharake implikatur minangka sawijine maksut kang ditindake lumantar ukara sajrone konteks nadyan proposisi kuwi dudu perangan saka karo diandharke sadurunge. Luwih ringkese implikatur bisa diarani makna tersirat. Andharan kasebut bisa didudut yen implikatur yaiku cara menehi teges luwih marang apa karo diandharke, uga menehi gambaran ngenggingi tindak tutur tartamtu.

## 2.3 Implikatur

Konsep implikatur cecaturan wiwitan diandharke dening Paul Grice (1975) ana ing sajrone artikelé kang nduweni irah-irahan”Logic and Conversation”. Grice (1975) kayata dikutip Brown lan Yule (1983:31) ngandharake yen istilah implikatur digawe an sajrone pristiwa tuturan, panutur maparke awijining babagan kang diwenehi teges, disiratke utawa dimaksutke beda karo apa karo dicaturke. Grice dikutip dening Rustono (1999:82) ngandharake yen implikatur cecaturan proposisi utawa andharan implisit, yaiku andharan kang dimaksudke nduweni teges beda karo apa karo dicaturke.

Miturut etimologis, implikatur saka tembung *implication*. Dene saka tembung nominal istilah iki nduweni teges maksud. Miturut panemune Grice sajrone (Soeseno, 1993:30) implikatur mujudake ujaran kang nyiratke babagan kang beda karo apa karo satenane dicaturke, ing andharan Grice kasebut tembung “babagan kang beda” nduweni makna yen ana maksud liya teka apa karo dicaturke. Stubbs sajrone (Yuniseffendri, 2007:60) ngandharake yen implikatur bentuk iki masiya maknane walikan ananging ora nimbulke pertentangan logika. Sajrone interaksi verbal implikatur dirasa luwih sopan lan nrima gawe nampik, nyuwun, ngewenehi nasihat, lsp.

Kanthal cara *sederhana* implikatur mujudake maksud lan kepenginan tertamtu, tegese nyatakanke sawijine babagan kanthi cara ora langsung. Andharan kasebut padha karo panemune Nababan (1987:28) konsep implikatur digunake gawe nerangake beda karo kerep kedadeyan antara apa karo dicaturke lan apa karo diimplikasike. Ana ing lingkup wacana, implikatur nduweni teges sawijine babagan kanthi gampang yen antarane panutur lan mitra turut nduweni pamawas kang padha. Pengalaman lan kawruh kang dikarepake ing kene yaiku pengalaman lan

tintingen pragmatik. Implikatur yaiku salah sawijine bageyan sajrone tintingen kasebut.

Istilah implikatur cumathaka adhedhasar *fenomena* yen sajrone cecaturan, panutur lan mitratutur disaranke kanggo nindake kaidah-kaidah prinsip cecaturan , nanging pelanggaran prinsip kaya kang diandharke ing nduwur biasae kedadean bisa disengaja uga bisa ora sengaja. Implikatur mujudake implikasi pragmatis kang diakibatke dening prinsip kerjasama Grice. (Leech 1993: 64). Pelanggaran prinsip kerjasama iki mujudake dumadine implikatur cecaturan (Brown lan Yule 1985:31). Implikatur cecaturan mujudake proses interpretasi makna adhedhasar situasi lan konteks , kanthi gunakake teori implikatur cecaturan. Mitratutur bisa mangerteni makna tersirat sajrone tuturan mitratutur. Saka andharan ing nduwur bisa dijupuk dudutan yen implikatur ngandharake maksut tuturan kang disiratke , dimaksutke utawa ditegeske lewat cecaturan.

#### 2.4 Implikatur Cecaturan

Cecaturan nglibatke panutur lan mitra tutur saengga komunikasi bisa kedadeyan, ancuse yaiku nyampeake maksud lan tujuan tertamtu minangka wong kang ngrungoke ujaran panutur bakal nyampeake maksud lan tujuwan kang dicaturke saengga kanthi cara sederhana kedadeyan kuwi dadi nyatuke arah pacaturan guna diterjemahke maknane kanthi cara harfiah. Implikatur cecaturan minangka salah sawijine aspek tintingen pragmatik kang wigati utamane nyinaoni ‘*maksud suatu ucapan*’ gayut padha karo kontekse. Implikatur cecaturan digawe ngandarake makna *implisit* ana ing “apa kang dicaturke utawa diserat” minangka “sawijine babagan kang diimplikasike”.

Grice dikutip dening Rustono (1999:82) ngandharake yen implikatur cecaturan mujudake proposisi utawa implisit, yaiku sawijining babagan kang mungkin kanggo diwenehi teges, disiratke utawa dimaksutke dening panutur kang beda karo apa kang dituturke. Implikatur cecaturan yaiku implikasi pragmatis kang ana ing sajrone cecaturan, metu gara-gara anane langgaran aturan sajrone cecaturan (Rusdiono 1999:82).

Adhedhasar saka andharan ing nduwur isa disimpulke yen implikatur cecaturan yaiku sawijine bageyan saka tintingen pragmatik kang luwh migatekake ing sawijine makna implisit saka cecaturan kang beda karo makna harfiah cecaturan.

#### 2.5 Titikane Implikatur Cecaturan

Miturut panemune Nababan (1987:39) titikane implikatur cecaturan, yaiku:

1. Implikatur cecaturan bisa dibatalke sajrone babagan tertamtu, umpamane kanthi cara

nambahke klausutawa ngewenehi konteks gawe batalke implikatur kasebut.

2. Biasane ora ana cara liya gawe ngandharke apa kang dicaturke lan isih mertahanke implikatur kang gegayutan.
3. Implikatur cecaturan ngewenehi syarat kawruhan luwh dhisik arti konvensional saka ukara kang digawe. Amarga kuwi, isi implikatur cecaturan ora kalebu sajrone arti ukara kang digawe.
4. Benere isi saka sawijine implikatur cecaturan ora gumantung ing bener apa ora sing di caturke. Amarga kuwi, implikatur ora adhedhasar tumrap apa kang dicaturke, ananging tumrap tumindak kang ngandharke babagan kasebut.
5. Padha karo panemune sadurunge Grice, H.P sajrone (Mujiyono, 1996:40) ngandharake ana 5 titikan saka implikatur cecaturan, yaiku:
  - 1) Sajrone kahanan tertamtu implikatur cecaturan isa dibatalke kanthi cara eksplisit utawa kontekstual.
  - 2) *Ketidakterpisahan* implikatur cecaturan kanthi cara ngandharake babagan tertamtu. Biasane ora ana cara liya kang luwh pas gawe nyaturke babagan kasebut, saengga wong gawe tuturan ngemot implikatur gawe nyampekne (*nondetachable*).
  - 3) Implikatur cecaturan nduwensi makna konvensional saka ukara kang digawe, ananging isi implikatur ora kalebu sajrone makna konvensional ukara kasebut. (*nonconventional*).
  - 4) Benere isi implikatur ora gumantung marang apa kang dicaturke ananging marang apa kang ditindake, kuwi mau bisa dideleng saka kepriye tumindak nyaturke apa kang ditembungke. (*calculable*).
  - 5) Implikatur cecaturan ora bisa diwenehi teges kang spesifik utawa kang wis mesthi sipate (*indeterminate*).
- 6) Bisa disimpulke yen sawijine implikatur cecaturan nduwensi titikan kaya ing ngisor iki :
  - (1) Sawijine implikatur cecaturan bisa dibatalke sajrone babagan tertamtu (*cancellability*),
  - (2) Biasane ora ana cara liya gawe nyaturke apa kang diomongke lan isih jaga implikatur kang gegayutan. (*nondetachable*),
  - (3) Implikatur cecaturan nduwensi syarat ilmu kawruh luwh dhisik saka arti konvensional saka tembung kang digawe. (*nonconventional*),

(4) Benere isi saka sawijine implikatur cecaturan dudu gumantung ana ing benere kang dicaturke. (*calculable*).

## 2.6 Jinis-jinis Implikatur Cecaturan

Miturut Grice ana ing sajrone (Mudjiono, 1996:32-33) ana 3 jinis implikatur cecaturan yaiku, *Implikatur konvensional*, implikatur iki luwih kalebu menyang makna tembung kanthi cara konvensional, makna cecaturan ditentuke dening teges konvensional tembung-tembung kang digunake. *Implikatur praanggapan*, dene implikatur iki luwih kalebu marang sawijine kawruhan antara panutur lan mitra tutur. Banjur *Implikatur nonkonvensional*, mujudake sawijine implikatur kang luwih dhasar maknane marang konteks kang nglingkupi cecaturan. Luwih ringkes maneh, Stephen C. Levinson ndandharake yen mung ana 2 jinis implikatur cecaturan yaiku, *implikatur cecaturan umum* (implikatur kang ana ing sajrone cecaturan lan ora merlokake konteks khusus) lan *implikatur cecaturan khusus* (implikatur kang cumanthakane merlokake konteks khusus).

### 1. *Implikatur cecaturan umum*

Nadar (sajorne Putrayasa, 2014:70) Implikatur cecaturan yaiku asale saka cecaturan kang ora mbuthuhake konteks tertamtu kanggo mangertenai maksut saka cecaturan. Yen kawruhan umum ora dadi syarat anggone pacaturan lan anggone mahami makna maka cecaturan iki bisa diarani implikatur cecaturan umum.

### 2. *Implikatur cecaturan khusus*

Miturut Yule (2006:78) ngandharake yen implikatur konvensional walikane saka implikatur cecaturan yaiku implikatur konvensional ora kudu dumadi saka cecaturan, lan ora gumantung ing konteks khusus gawe nginterpretasikake. Zamza, (2007:28) ngandharake yen implikatur konvensional yaiku implikatur kang langsung diolehke saka tembung-tembung lan kaidah gramatikal. Kridalaksana (2008:9) ngandharake yen implikatur konvensional mujudake makna kang dipahami utawa dikarepke ing bentuk-bentuk basa tertamtu. Tegese yen implikatur konvensioanl yaiku makna harfiah kayata kang diandharake elemen ukara kanthi cara formal struktural. Bisa didudut yen implikatur konvensional luwih negeske marang apa kang dikarepke. Dadi peserta tutur umume wis mangertenai babagan maksut utawa tegese sawijining babagan tertamtu.

## 2.7 Makna Implikatur Cecaturan

Makna implikatur cecaturan mujudake salah sawijine unsur kang wigati sajrone panuturan, saengga panutur lan mitra tutur isa ndadekake siji arah cecaturan. Panutur ngandharake maksut lan ancas sajrone pristiwa tutur, maksut lan ancas tertamtu kang asipat temporal mujudake implikatur cecaturan. *Pertuturan* kang ngandhut implikatur

cecaturan nduweni makna kang ora diungkapke kanthi langsung. Makna implikatur cecaturan mujudake arti implikatur cecaturan kang ngimplikasike sawijine babagan sajrone tuturan.

Panutur sajrone pristiwa tutur nyampekake informasi luwih saitik saka kang dikarepke marang mitra tutur, mula mitra tutur perlu nangkep makna-makna kang dimaksut. Andharan kasebut padha karo panemune Yule (2014:70) yen panutur ngandhrake makna lewat implikatur lan mitra tutur mangertenai makna-makna kang disampeake. Tuturan implikatur cecaturan nduweni makna kang beda-beda gumantung marang kondisi pristiwa kang ngiket.

## 2.8 Fungsi Implikatur Cecaturan

Implikatur nduweni fungsi tertamtu kang beda marang saben objek. Sajrone peristiwa komunikasi, saben tuturan nduweni fungsi-fungsi kang pengen disampekake dening panutur. Basa ing umume digunakake kanggo ekspresikake emosi, nginformasikake sawijine pakta, ngewenehi pengaruh tumrap wong liya, cerita, omong-omongan karo kanca lan sapanunggalane. Miturut Searle (1979: 13-20), dan Leech (1993: 105-106) fungsi ilokusi diklasifikasikake dadi 5 yaiku :

1. Asertif: implikatur sing nyatakake fungsi pragmatis kanthi cara tersirat saengga panutur kasebut nduweni ikatan preposisi sing wis diandharake, tuladhané nyatakake (nyatakake), menehi saran (nyaranke), madio (gumunggung), ngrumuh, ngrumat (nuntut), nglaporake
2. Ekspresif: implikatur sing nyatakake fungsi pragmatik kang nyatakake kahanan psiko-logis panutur, kayata: atur panuwun, njaluk seputra, nyalahake, ngelem, lan atur bela sungkawa.
3. Dhirektif : implikatur sing nyatakake fungsi pragmatis tersirat dhirektif tuladhané; takon, pesen, mrintah, njaluk, ngemis, ngaku.
4. Komisif: implikatur sing nyatakake fungsi pragmatis tersirat komisif, tuladhané; janjeni, sumpah, nawarke
5. Deklaratif: implikatur kang nyatakake fungsi pragmatis tersirat deklaratif awujud ngrubah kondisi kanthi cara tuturan, tuladhané; kowe tak setrap.

## 2.9 Konteks

Konteks yaiku salah sawiji komponen kang wigati sajrone tuturan, amarga bisa nduweni pengaruh lan mbantu panutur nafsrke maskut tuturan. Konteks gegayutan rapet karo interaksi antara panutur lan mitratutur, panutur nduweni tugas gawe tuturan, dene mitratutur napsirke tuturan panutur. Alwi ngandharake yen konteks diperang dadi saperangan unsur yaiku situasi, pacaturan, pamiyarsa, wektu, panggon, adegan, pristiwa, bentuk amanat,kode lan sarana (2003:421).

Padha karo apa kang diandharke Mey, Lubis (2011:59) ngandharake yen konteks nyekel bageyan kang wigati ing sawijine ujaran, konteks bisa malih makna. Tegese ujaran dipengaruhi dening konteks. Mula kuwi peran konteks nduweni kawigaten khusus sajrone implikatur cecaturan guna gayutake lan nglurusake panemu antara panutur lan mitratutur.

Wigatine konteks sajrone panliten pragmatik uga diandharke dening Wijana (1996:2) kang nyebutke yen pragmatik ninting makna kang kaiket konteks lan dening Searle, Kiefer Ln Brewich (1980:ix) ngandharke yen pragmatik nduweni gegayutan karo intrepetaasi sawijine ungkapan kang digawe ngikuti aturan sintaksis tertamtu lan cara nginterpretasi ungkapan kasebut gumantung kondisi-kondisi khusus panggunaan konteks kasebut ana ing sajrone konteks.

## 2.10 Film

Film yaiku lakon gambar kang urip. Film mujudake gambar kang urip kang sering diarani *movie*, dene saka sudut pandang kolektif film diarani *cinema*. Gambar urip yaiku wujud saka seni, bentuk popular saka hiburan lan uga bisnis. Film yaiku teks kang ngemot tata urutan citra fotografi kang ngakibatke anane ilusi gerak lan tumindak sajrone pagesangan (Danesi, 2010:134).

Panliti nganggeo yen film mujudake salah sawijine bageyan saka medhia audio visual kang becik dinggo pasinaon basa. Film nyajekake cecaturan-cecaturan antar paraga kang gunakake ragam basa. Amarga kuwi panliti gunakake cecaturan antar paraga ing film Kartini minangka bahan panliten. Lewat film iki panliti bisa mangertenji jinis, makna lan fungsi saka cecaturan ing sajrone film. Babagan kasebut dadekake film nduweni fungsi kang meh padha karo medhia massa. Kayata andharane Nurudin (2013:9) yen medhia massa yaiku piranti sajrone komunikasi kang bisa nyebanke pesen kanthi bebarengan, cepet marang audien kang amba lan heterogen. Kaluwihan saka medhia massa yaiku bisa ngatasi hambatan ruwang lan wektu.

Medhia massa nduweni fungsi kang becik banget dening tumrap masyarakat, Sudarman (2008:7-8) nyatake yen fungsi saka medhia massa yaiku nginformasike, ndhidhik, ngibur, mengaruhi, medhia masa bisa ngaruhi, ngewenehi respon sosial, kanthi anane medhia massa bisa nanggepi babagan fenomena lan situasi sosial utawa kedadeyan sosial kang dumadi, penghubung, medhia massa bisa gayutke unsur-unsur kang ana ing masyarakat kang ora bisa ditindake individu kanthi cara langsung utawa ora langsung.

## 2.11 Film Kartini

Kartini iku sawijine *film biografi* saka wira perjuwangan emansipasi wanita Indonesia, Kartini. *Film* iki dadi kang kaping telu metu ing layar amba sawisé *biografi* R. A.

Kartini (file) (1984), lan crita fiksi *roman Kartini Surat Cinta untuk Kartini* (2016). Ing film iki kang dadi paraga Kartini yaiku Dian Sastrowardoyo.

Film iki nyritakaké ngenani Kartini kang uripé kanthi langsung meruhi Ibuné kang asmané Ngasirah kang dadi wong kaguwak ing omahé dhewe. Perkara iki kedadéyan amarga Ngasirah ora duwé getih ningrat lan dadi babu. Bapaké asma Raden Sosroningrat kang tresna banget marang Kartini ora duwé daya nglawan adat kang wis turun tumurun. Sadawané lakuné urip, Kartini ngupadi kanggo nyejajarké hak kanggo kabeh wong, embuh ningrat utawa ora, mligi hak pawiyatan kanggo wanita. Kartini ngupadi bareng karo saduluré kang asmané Roekmini lan Kardinah. Kartini ngupadi kanggo nyasa sawijining sekolah kanggo wong mlarat lan gawé sawijining papan panggonan kerja kanggo kabeh masarakat Jepara.

Film iki diproduksi dening *Warisan Gambar* lan *Screenplay Film* lan disutradharani déning Hanung Bramantyo lan Robert Ronny minangka prodhuser. Naskah diserat déning Hanung lan Apik Bramanti dhedhasar ide crita Robert Ronny. Film iki diparagani dening Dian Sastrowardoyo, Deddy Sutomo, Christine Hakim, Djenar Maesa Ayu, Acha Sepriasa, Ayushita, Reza Rahadian, Denny Sumargo, Dwi Sasono, Rianti Cartwright, Nova Eliza, Neysa Chan, Hans de Cracker, Carmen van Rijnbach lan Rebecca Reijman.

Proses panggaweyané film iki uduné saka taun 2016. Rencana prodhaksi filem kuduné ditindakaké ing taun 2015 kanthi abote ati diganti dadi taun 2016 amarga proses nggodhog crita kang isih durung mateng. Panganggit naskah ngrangkep sutradhara, Hanung péngin bener-bener nggambaraké paraga Kartini enom lan kulawarga kanthi cetha supaya duwé kanggo riset luwih jeru kanggo naskah film. Robert Ronny, nyebetaké menawa riset filem iki ditindakaké nganti tekan negara Walanda. Riset iki kudu ditindakaké amarga dhèwéké mbiji sumber-sumber ngenani Kartini ing Indonésia isih diarani kurang. Film iki nduweni durasi wektu 118 menit.

## METODHE PANLITEN

### 3.1 Ancangan Panliten

Panliten iki kalebu jinis panliten etnografi komunikasi. Etnografi komunikasi nyinaoni pola-pola tumindak komunikasi sing bisa diawas lan direkam (Ibrahim,2004:205). Fitch lan Philipsen (sajrone Titscher, 2009:150) nambahi yen etnografi komunikasi sing dirembug yaiku pola-pola tuturan adhedhasar tatacarane lan bisa gambarake pola panguripan sosial ing masyarakat tertamtu. Semana uga panliten iki bakal njentrehake implikatur cecaturan sajrone *film ‘Kartini’*. Dene panliten iki kalebu panliten kang asipat dheskriptip analitik, amarga dhatane awujud ukara dudu angka. Panliten iki njletnreha ke

implikatur kang kinandhut ana sajrone pacaturan paraga sajrone film ‘Kartini’. Data sing wis nglumpuk bakal digambarke ing tembung-tembung utawa ukara, dipisahke miturut kategori gawe njupuk dudutan (Arikunto, 2002:2009).

Panliten iki gambarake deskriptif kanthi cara kerjane kang, nglukiske, lan maparke kahanan sawijine objek, awujud realitas utawa fenomena apa anane gayut karo situasi lan kondisi nalika ditindake panliten. Sajrone panliten iki ngandharake kanthi cara deskriptif implikatur cecaturan sajrone *film* Kartini kang gunaake Basa Jawa, mula digunaake tintingan pragmatik. Wijana (2012:192) ngandharake tintingan pragmatik yaiku tintingan kang ngandharake teges panutur kanthi cara tersurat utawa tersirat ing walike tuturan kang dilentrehake. Teges-teges tuturan, utamane maksut kang diimplikasike mung bisa diidentifikasi lewat guna basa iku kanthi cara konkret lan nimbangake situasi tuture.

### 3.2 Sumber Dhata

Sumber dhata sajrone panliten yaiku kepriye carane ngolehake dhata panliten (Arikunto, 2002:196) Cara nentokake lan milih sumber dhata panliten kudu cetha lan pas. Amarga sumber dhata kudu nduweni kejelasan supaya bisa didadekake minangka acuan sajrone ngolehke dhata panliten. Sumber dhata panliten iki yaiku tuturan paraga sajrone *film* Kartini kang gunaake basa jawa. Sumber dhata kasebut dientokake saka film kang diunduh saka <http://filmroster.online/kartini-2017/> ing tanggal 29 Oktober 2019, banjur ditranskip. Wektu durasi film kasebut yaiku 118 menit.

### 3.3 Dhata Panliten

Dhata panliten mujudake bahan baku kang didadeake olahan sajrone panliten kang becik. Sumber dhata panliten yaiku subjek saka dhata kang dientuke (Arikunto 2002:129). Dhata mujudake bahan panliten kang ora awujud mentahan ananging wujud bahan dadi. Saka bahan kuwi dikarepke objek panliten kang diandharke, amarga sajrone bahan kasebut ana objek panliten kang dimaksut. Kanthi diolah bahan kuwi dikarepke bisa diweduhi bisa didadekake objek panliten. Dhata panliten sajrone panliten iki yaiku tuturan para paraga kang ngandhut implikatur cecaturan sajrone film ‘Kartini’ kang jumlahé kurang luwih ana 50 dhata

### 3.4 Instrumen Panliten

Instrumen panliten mujudake sakabehe piranti kang digawe kanggo njupuk dhata panliten supaya metodhe-metodhe sing dijupuk bisa gumathok (Arikunto, 2002:126). Dene Sugiyono (2011:102) ngandharake yen instrumen panliten yaiku alat kang digawe kanggo ngamati fenomena

alam utawa sosial. Sugiyono uga ngandharake yen sajrone panliten kualitatif kang dadi instrumen panliten yaiku panliten dhewe. Panliten anggone nliti gunakake dhasar teori pragmatik kanthi kawasisane nganalisis tuturan-turan kang ngandhut implikatur cecaturan sajrone *film* ‘Kartini’

Panlitin minangka instrumen utama amarga panliti kang nggolek dhata, njlentrehake dhata lan nulis panliten iki. Saliyane instrumen utama ana uga jenenge instrument panyengkuyung, yaiku piranti-piranti awujud barang kang digawe golek data, ing panliten iki piranti kang digawe yaiku laptop minangka sarana kanggo golek pidio *film* Kartini, banjur kertas lan bolpen kanggo nulis cecaturan basa jawa ing sajrone *film*. Ngumpulake dhata ing panliten iki ditindake kanthi observasi lan dokumentasi.

### 3.4 Tatacara Ngumpulake Dhata

Salah sawijine babagan kang wigati sajrone panliten yaiku nentokake Tatacara ngumpulake dhata. Yen tatacara ngumpulake dhata kang digunakake sajrone panliten ora pas, mula pas orane lan cethane dhata kang dikumpulake uga ditakoke. Methode lan tatacara ngumpulake dhata kang digawe sajrone panliten iki yaiku metodhe observasi, metodhe dokumentasi, metodhe simak, lan metodhe nyatet.

Metodhe observasi, yaiku ngamati kanthi cara langsung film ‘Kartini’ banjur milah dhata saka sakabehe cecaturan kang ana ing sajrone film kang gunakake basa Indonesia lan Jawa, cecaturan kang mung gunakake basa Indonesia ora dileboke ana ing lampiran dhata. Dhata lampiran isine mung dhata kang kapilih.

Metodhe sabacute yaiku metodhe kang paling sering digunakake sajrone panliten yaiku metodhe dokumentasi. Dokumentasi mujudake samubarang kang wujude gambar, tulisan, utawa karya-karya monumental saka manungsa (Sugiyono, 2010:82). Dokumen kang awujud tulisan tuladhané catetan sabendina, biografi, crita, kebijakan lan sapanunggalane, dene dokumen kang awujud gambar tuladhané karya seni kang awujud gambar, patung, *film* lan sapanunggalane. Studi dokumen ana ing panliten iki ditindake kanthi cara ngunduh *film* Kartini, ndeleng banjur nyimak cecaturan kang nganggo basa jawa ana ing sajrone film. Banjur di transkrip dadi dhata kang kaserat.

Saliyane metodhe dokumentasi kuwi mau sabacute gunakake metodhe simak bebas libat cakap, maksute yaiku panliti ora *terlibat* langsung sajrone dhata kasebut utawa mung dadi pengamat, panliti mung partisipasi kanthi cara nyimak cecaturan. Kayata ing panliten iki dhata dijupuk kanthi nyimak cecaturan sajrone *film* Kartini kang mayoritase gunakake basa Landa ananging ana cecaturan kang gunakake basa Jawa.

Banjur nyatet dadi terusan saka tata cara nyimak kuwi mau, sawise disimak dhata kang awujud cecaturan kuwi mau di catet utawa ditranskrip dadi dhata tertulis supaya bisa

luwih penak dianalisis. Transkrip mung nduweni isi kang awujud teks saka apa kang dituturke sajrone *film*, sabacute dianalisis manut karo undheran panliten.

### 3.5 Tata Cara Njletrehake Dhata

Sawise dhata kang dikarepake wis nglumpuk, dhata kasebut banjur diolah kanthi metodhe dekriptif. Dhata sing wis dikumpulake banjur dijlentrehake kanthi metodhe dheskriptif miturut paugeran lan tatanan kang awujud tembung-tembung. Metodhe dheskriptif yaiku tatacara ngonceki dhata kanthi gunakake tembung, dudu gunakake angka kang bisa menehi sawenehe katrangan utawa andharan panliten adhedhasar dhata kang diasilake saka subjek panliten (Azwar, 1998:126). Tatacara njletrehake dhata uga bisa nggunakake metodhe distribusional (Sudaryanto, 1993:13). Metodhe distribusional yaiku ngolah dhata arupa basa kanthi cara nemtokake perangan basa iku dhewe, utawa wujud lan blegere basa kang digunakake. Metodhe kang wis disebutake kasebut minangka metodhe kang bakal dienggo panliti kanggo nlentrehake dhata.

Njeltrehake dhata yaiku proses kanggo nggoleki lan nyusun dhata kanthi sistematis, banjur merang dhata-dhata kasebut menyang kategori-kategori, ngandharake sajrone satuan-satuwan, nindakake saintesa, nyusun pola, dipilih apa kang wigati lan apa kanga rep ditintingi, lan nggawe dudutan saengga bisa dingerten, Sugiyono (2014:89)

Dhata kang dianalisis sajrone panliten iki yaiku cecaturan paraga ana sajrone *film* ‘Kartini’, dhata kang dikarapake digolongke ing jinis implikatur. Sawise dhata kecekel, banjur dhata iku dioncek/diandharke maksud kang dikarepake panutur marang mitra tutur siji lan mitra tutur liyane. Dene jinis implikatur wis dijlentrehake, banjur saka dhata kang dianalsis kuwi mau diandharke makna saka implikatur cecaturan. Dhata kang wis dikumpulake banjur dijlentrehake kanthi cara dheskriptif miturut paugeran lan tatanan kang awujud tembung-tembung. Dheskriptif yaiku tatacara ngonceki dhata kanthi nggunakake tembung dudu nggunakake angka kang bisa menehi sawenehe katrangan utawa andharan panliten adhedhasar dhata kang diasilake saka subjek panliten. Sakabehe dhata ing panliten iki minangka wujud implikatur cecaturan sajrone *film* ‘Kartini’ dhata kasebut dijlentrehake kanthi metodhe informal yaiku ngandharake kanthi gunakake basa (Sudaryanto, 1993:144)

### 3.5 Tatacara Nyuguhake Asil Panliten

Sabubare ditranskrip dadi dhata kang awujud tulis banjur dhata diseleksi kang kalebu sajrone implikatur. Dhata kang wis mari diseleksi banjur dianalisis gayut karo teori kang digawe kanggo panliten iki. Analisis kasebut bakal ngewenehi asil jinis implikatur sajrone *film* Kartini. Saliyane kuwi uga bisa diweruhi jinis-jinis implikatur kang sering cumanthaka ana ing sajrone *film* Kartini. Ora mung jinis, undheran panliten iki uga ngonceki apa wae fungsi

implikatur bentuk lan makna-makna implikatur ana ing sajrone *film* Kartini.

Sajrone njletrehake dhata utawa nyuguhake data nganggo metodhe informal, metodhe informal yaiku metodhe ngandharake kanthi nggunakake tembung-tembung biyasa tanpa nggunaake rumus utawa simbol (Sudariyanto, 1993:84) Metodhe analisis dhata ing panliten iki yaiku metodhe padan. Metodhe padan mujudake cara nganalisis dhata gawe mangsuli pitakonan kang ana ing undheran panliten kanthi nentoake *satuan lingual* sasaran panliten. *Fokus* kang dadi perkara panliten ora dadi bageyan saka dhata basa kang di tliti (Mahsun, 2005:120). Sajrone panliten iki cecaturan antar paraga sajrone *film* Kartini kang ngandhut implikatur dadi fokus utama kanggo nganalisis dhata.

Minangka bacutan saka metodhe padan, nganalisis dhata ing panliten iki gunakake tatacara dhasar gayut banding kang nduweni sipat ekstralingual tatacara kasebut bisa nentokake identitas *satuan lingual*. Banjur bacutan saka tatacara dhasar kang digunakake ana ing panliten iki yaiku tata cara hubung banding padhan babagan pokok. Dadi sawise diperang adhedhasar undheran panliten banjur ditindake analisis kang cundhuk gawe nemokake implikatur cecaturan sajrone *film* Kartini.

## JLENTREHAN DHATA LAN DHISKUSI ASILE PANLITEN

### 4.1 Jinis lan Makna Implikatur

Implikatur cecaturan diidentifikasi adhedhasar jinis-jinise miturut lelandhesan teori para ahli, wujud saka jinis lan makna implikatur cecaturan kang ana sajrone film ‘Kartini’ bakal dianalisis ana ing ngisor iki :

#### 4.1.1 Implikatur cecaturan umum

Yule (2006:74) ngandharake yen implikatur umum yaiku implikatur kang ora ngitung anane makna tambahan. Pamaca anggone mahami makna cecaturan cukup mung ngamati teka tata tembung kang digawe anggone cecaturan.

(1) Harsodiningrat

: Ana apa iki?

‘Ada apa ini?’

Bendara : Jeng ni nyuwun tilem wonten kamar pembantu malih

‘Ni minta untuk tidur di kamar pembantu lagi’

Harsodiningrat : Kandha a karo ni, iki sing pungkas

‘Bilang sama ni, ini yang terakhir’

Ngasirah : Injih Bupati

‘Iya Bupati’

Dhata ing nduwur mujudake cecaturan kang mbahas ngenani Kartini cilik kang kepengin turu karo

biyunge kang ana ing dalem kadipaten bageyan mburi, dhata cecaturan ing nduwur ditindake dening Harsodiningrat (bapa Kartini) bendara, lan Ngasirah (biyung Kartini).

Dhata (1) kalebu tuturan implikatur umum iki diandharke ing cecaturan “kandha a karo ni, iki sing pungkasan” teka cecaturan kasebut bisa dipahami yen harsodiningrat minangka bapake kartini ngewenehi kesempatan marang Kartini gawe turu karo biyunge (Ngasirah) kang ing kunu didadekake bendara amarga ngasirah asale saka wong pribumi. Kahanan ing cecaturan kuwi yaiku adu lambe antarane bendara karo kartini cilik. Senadyan asline ing kunu Harsodiningrat kuwi garwane Ngasirah, nanging Kartini ora diolehi turu bareng wong loro karo ngasirah amarga Kartini dianggep nduweni darah keturunan bangsawan. Dhata ing nduwur kalebu implikatur cecaturan umum amarga ora merlokake konteks khusu kanggo mahami tuturan kang dicaturke dening Harsodiningrat, tuturan kang diaturke Harsodiningrat wis cetha banget yen panjenenganipun ngutus bendara lanang kanggo ngewenehi kesempatan kartini cilik turu karo ngasirah senadyan kuwi sing pungkasan.

(2) Kangmas Kartini : he ngapa kowe, aku nduwe hadiah kanggo kowe

*'he ngapain kamu, aku punya hadiah untukmu'*

: yen kangmas isa gawe aku ora dadi raden ayu, kuwi bakal dadi hadiah paling apik kanggo aku

*'jika kangmas bisa membuatku tidak menjadi raden ayu, itu bakal menjadi hadiah paling bagus buatku'*

: pengen metu kamar pingitan ora, melbua kamarku ing kono ana lawang kanggo metu

kamar pingitan  
*'pengen keluar dari kamar pingitan tidak, masuklah kamarku, disana ada pintu untuk keluar dari kamar pingitan'*

Kangmas

Kartini

kangmase teka lan nyatur yen kangmas nduwe hadiah kanggo Kartini, dene kahanan batine Kartini lagi susah amarga dheweke kudu dadi Raden ayu, yaiku kudu gelem dirabi dening bupati masiya dadi bojo ke-4. Ing kunu diandharke dening Kartini lewat jawaban saka andharan kang dicaturke Kangmase Kartini yen dikarepke mase bisa gawe Kartini ora dadi Raden ayu, nanging mase ora bisa nuruti kepengine Kartini, amarga kuwi wis tradisi saka kluwarga kadipaten, kangmas nduwe cara liya supaya Kartini bisa metu teka kamar kuwi, yaiku awujud buku kang diwenehke menyang Kartini babagan kawruhan landa kang amba banget lan akeh banget jinise. Ananging ora diandharke langsung ing cecaturan ana nduwur.

(3) Kardinah

Roekmini

Kartini

Dhik mulayan

: la trus pie carane?

*'bagaimana caranya?'*

: nil dhik mulyana

*'nil dek Mulayana'*

: rene rene le tak kandani, kowe ethok-ethoke ngeterke panganan senengane nyonya ovinksoer, ning sing paling penting kekna layang iki menyang nyonya ovinksoer ngerti ?

*'sini dek, kamu pura-pura mengantarkan makanan kesukaan nyonya Ovinksoer, tetapi yang paling penting berikan surat ini ke nyonya Ovinksoer'*

: ngerti mbakyu

*'ngerti kak'*

Dhata ing nduwur mujudake cecaturan antarane Mulyana lan Kartini, Roekmini lan Kardinah. Mulyana diutus mbakyune kanggo ngeterke layang menyang tuan Ovinksoer.

Dhata (3) kalebu jinis implikatur cecaturan khusus amarga mbuthake konteks khusus kanggo mahami makna saka tuturan “la trus pie carane?” ora cetha makna saka ukara pie carane, kuwi pie carane ngenani apa ora diandhrake ing pacaturan kasebut, kamangka ing kono kahanane Kartini lan adhi-adhne ora bisa metu saka kadipaten nanging kudu ngeterke surat menyang nyonya Noterbost. Banjur Kartini nduwe cara liya supaya surat kuwi tetep teka menyang nyonya Noterbost, dheweke wadul menyang nyonya Ovink-soer lan ngutus adhine kanggo ngeterake layang wadulan kuwi mau kanthi tuturan “rene rene le tak kandani, kowe ethok-ethoke ngeterke panganan senengane nyonya ovinksoer, ning sing paling penting kekna layang iki menyang nyonya ovinksoer ngerti ?” tuturan kasebut nduweni makna yen adhine dikongkon

Dhata ing nduwur mujudake cecaturan antarane Kangmas Kartini kang arep ngewenehi hadiah marang Kartini awujud buku-buku nganani landa.

Dhata (2) Cecaturan ing nduwur kalebu implikatur cecaturan umum, amarga ora butuhake konteks tambahan kanggo mahami apa karepe kangmase kartini minangka panutur, ing nduwur kahanane ana ing joglo kadipaten si kartini minangka mitratutur lagi dolanan karawitan banjur

ethok-ethok ngeterke panganan senengane landa wadon kuwi kanggo ngeterke layang wadule.

- |                   |  |
|-------------------|--|
| (4) Bendara wadon | : he wong didawuhi kok ya<br>‘orang disuruh kok’                         |
| Pak Atmo          | : wis kowe ora usah melu-melu<br>‘sudah kamu gak usah ikut-ikut’         |
| Pak Atmo          | : pun ndoro wonten griya mawon<br>‘sudah ndoro Mulyana dirumah saja’     |
| Pak Atmo          | : wis mbalika kowe. (Karo ngomong menyang bendara wadon)<br>‘balik kamu’ |

Dhata ing nduwur mujudake cecaturan antarane bendara wadon lan pak Atmo. Pak Atmo lan bendara wadon engkel-engkelan perkaya Mulyana kang diutus ngeterake layang.

Dhata (4) kalebu ing jinis dhata implikatur cecaturan khusus amarga mnutuhake konteks khusus kanggo mangertenin makna saka tuturan “he wong didawuhi kok ya” ing kunu ora cetha dhawuh perkara apa, nanging si Atmo malah semaur “wis kowe ora usah melu-melu” kuwi tegese nduweni makna yen Atmo menging Mulyana kanggo metu saka kadipaten, ora ngomong karo bala bendarane. Babagan kasebut diandharke kanthi tuturan “pun ndoro wonten griya mawon”.

#### 4.2 Fungsi Implikatur

Makna tuturan diwujudake kanthi implikatur cecaturan. makna kang tersirat gumantung karo konteks lan kemampuan kanggo nindakake tumrap apa kang dicaturke. Fungsi iki diarani illokusi. Miturut Searle (1979: 13-20), lan Leech (1993: 105-106) mbagi fungsi illokusi dadi 5 yaiku; asesif, ekspresif, arahan, lan komisif, deklaratif. Fungsi kasebut bakal diandharke ing ngisor iki teka dhata cecaturan film ‘Kartini’

##### 4.2.1 Fungsi Implikatur Asertif

Nglipatke pamicara tumrap proposisi kang diekspresikake, kayata : nyatakake, ngewenehi ngerti, nyaranke, banggakake, ngersula, nuntut, lan nglaporake.

###### 4.2.1.1 Fungsi Implikatur Asertif “nyatakake”

- |          |   |
|----------|---|
| Ngasirah | : dadi wadon iku sing pinter masak, ben wong lanang krasan ning omah<br>‘menjadi anak perempuan itu yang pintar memasak, biar nanti suaminya betah nduw |
|----------|---|

- |         |   |
|---------|---|
| Kartini | : nek aku ya masak gae awakku dhewe karo wong sing tak tresnani |
|---------|---|

‘kalau aku ya memasak untuk diriku sendiri, sama orang yang kucintai’

Dhata ing nduwur mujudake cecaturan antarane Ngasirah lan Kartini putrine. Ngasirah ngewenehi wejangan marang Kartini.

Implikatur cecaturan ing nduwur isine ngenani Ngasirah minangka biyunge Kartini ngewenehi wejangan marang Kartini, yen dadi cah wadon kudu pinter masak supaya bojone krasan ning omah, kahanan kasebut kedadeyan ana ing pawon kadipaten nalikane Kartini ngewangi biyunge masak lan adhi-adhine Rokemini, Kardinah. Tuturan “dadi wadon iku sing pinter masak, ben wong lanang krasan ning omah” kalebu ana ing fungsi tuturan asertif nyatakake amarga tuturan kasebut nyatakake yen wong wadon bisa masak, bojone bakal krasan ana ngomah, amarga dheweke bisa mangan enak tanpa kudu tuku ing njaba.

###### 4.2.1.2 Fungsi Implikatur Asertif “nglaporake”

- |         |   |
|---------|---|
| Kartini | : mbok mriki mbok, nyuwun sewu ana apa ya?<br>‘mbok sini mbok, permisi ada apa ya?’   |
| Bendara | : pangapunten ndoro ajeng, wonten ing ngajeng katah rombongan saking Rembang<br>‘mohon maaf ndoro Ajeng, di depan ada banyak rombongan dari Rembang’. |

Dhata ing nduwur mujudake cecaturan antarane Kartini lan bendarane. Kartini takon marang bendara tumrap tekane kluwarga Rembang.

Implikatur ing nduwur isine ngenani Kartini kakng lagi takon menyang bendarane kok rame banget ana lingkungan kadipaten ana apa, banjur tuturan kasebut disemauri dening bendara yen ana garep kaduipaten lagi ketekan rombongan saka Rembang, yaiku rombongan calon bojo kanga rep dijodoke marang Kartini karo kluwargane. Tuturan “pangapunten ndoro ajeng, wonten ing ngajeng katah rombongan saking Rembang” kalebu fungsi implikatur asertif nglaporake amarga bendara ngewenehi informasi utawa laporan menyang Kartini yen ing ngarep rame kuwi gara-gara ana rombongan teka kluwarga Rembang kan sowan ana ing kadipaten.

###### 4.2.1.3 Fungsi Implikatur Asertif “ngersula”

- |         |  |
|---------|--|
| Kartini | : sejak semua kangmas lan mbakyu kita diluar ndalem, aku sing paling berkuasa ning kene, Kaliyan ngerti kan kudu nurut sapa?<br>‘sejak semua kakak laki-laki dan kakak perempuan kita berada diluar kadipaten, aku yang paling berkuasa disini, kalian tahu kan harus nurut sama siapa?’ |
|---------|--|

Roekmini, Kardinah : ngertos mbak yu, tapi kalo nyembah sampek pegel seperti ini baru saya alami sekarang  
*‘Ngerti kak, tapi kalau nyembah sampai pegel seperti ini baru saya alami sekarang’*

Dhata ing nduwur mujudake cecaturan antarane Kartini lan adhi-adhine. Kartini ngewenehi andharan menyang adhine tumrap posisine Kartini saiki ana ing kadipaten.

Implikatur cecaturan ing nuwur isine ngenani Kartini kan ngandharake menyang adhi-adhine yen kahanane saiki Kartini sing paling tuwa ing kono wiwit mas lan mbake ana ing njaba dalem kadipaten, mula adhi-adhine kudu manut marang Kartini, kahanan cecaturan ing nduwur yaiku nalikane adhi-adhine wis tiba wektu mlebu kamar pingitan lan didadekne siji karo Kartini ing siji kamar ana kadipaten. Tuturan “ngertos mbak yu, tapi kalo nyembah sampek pegel seperti ini baru saya alami sekarang” mujudake fungsi asertif ngersula amarga dheweke ngersula utawa sambat yen adhi-adhine Kartini lagi kuwi nyembah nganti pegel sikile, amarga sadurunge nalikane nyembah wong tuwane ora nganti suwi kaya ngono.

#### 4.2.2 Fungsi Implikatur Ekspresif

Nduweni fungsi kanggo ngekspresikake ngungkapke, utawa ngewehi ngerti sikap psikologis panutur tumrap sawijining kahanan kang dikira-kitra dening ilokusi, tuladhané; atur panuwun, atur slamet, njaluk seputra, ngelem, atur belasungkawa, lsp.

##### 4.2.2.1 Fungsi Implikatur Ekspresif “atur panuwun”

Kartini : Ukitasari, kuwi lek walik gunung, kowe mlaku? Adoh lo kuwi, wis mangan?  
*‘Ukitasi, itu dibalik gunung, kamu jalan? Jauh lo itu, sudah makan?’*

Bocah-bocah cilik wadon : sampaun ndoro, matur nuwun ndoro, berkat jenengan pesenan ukiran tambah katah kula dados saget mangan.  
*‘sudah ndoro, terima kasih ndoro, berkat anda pesanan ukiran tambah banyak, saya jadi bisa makan’*

Kartini : iya, iya padha-padha.  
*‘iya, iya sama-sama’*

Dhata ing nduwur mujudake cecaturan antarane Kartini lan bocah cilik-cilik wadon kang omahe ana walik gunung desa Ukisari. Bocah cilik atur panuwun marang Kartini babagan wong tuwane kang wis nduwe pakaryan.

Implikatur ing nduwur isine ngenani rasa panuwun bocah-bocah ukisari marang Kartini merga jasane wong-wong ukisari dadi nduweni pakaryan lan isa mangan teka pakaryan ngukir kayu sing maune sepi, kahanane Kartini lagi lewat ana ing dalanan kang rada adoh karo desa Ukisari nanging ketapakan bocah-bocah kuwi mau ndelok lewate Kartini banjur dauber lan diwenehi buah-buahan kanggo wujud rasa panuwune marang Kartini, kuwi kabeh ora diandharke ing cecaturan nanging dicritake ana ing njero film. Tuturan “sampaun ndoro, matur nuwun ndoro, berkat jenengan pesenan ukiran tambah katah kula dados saget mangan” kalebu ana ing fungsi implikatur ekspresif atur panuwun amarga ukara ing njerone tuturan nduweni makna atur panuwun marang Kartini ngenani dheweke bisa mangan amarga wis nggarai wong tuwane akeh pesenan ukiran.

##### 4.2.2.2 Fungsi Implikatur Ekspresif “njaluk seputra”

Rama Harso

: menawa bupatine dudu sliramu putraku dhewe, bakal ana wong liya sing luwih wengis bakal dadi panguwasa, mulane aku ramamu iki sing bakal getun

*‘jika bupatinya bukan kamu putraku sendiri, bakal ada orang lain yang lebih tega dan bakal menjadi penguasa, makanya aku rama mu yang akan menyesal’*

Harso

: pangapuntenipun rama

*‘maafkan rama’*

Rama Harso

: raden ajeng Moeryam punduten garwa, iki kanggo becike wong akeh para kawula  
*‘raden Ajeng Moeryam ini jadikan istrimu, ini untuk kebaikan orang banyak’*

Harso

: pangapunten rama kula boten tega nglarani atine Ngasirah  
*‘maafkan rama, saya tidak tega menyakiti hati Ngasirah’*

Dhata ing nduwur mujudake cecaturan antarane Harso lan ramane. Ramane Harso nyuwun Harso kang ngrabi wadon kang padha-padha nduweni darah bangsawane, amarga kang dadi garwane saiki mung wong pribumi.

Implikatur cecaturan ing nduwur isine ngenani ngudha rasa ramane Harsodiningrat kang wedi yen wong liya sing bakal mimpin kadipatene, amarga yen wong liya sing mimpin bisa luwih wengis anggone mimpin, mula kuwi Harso diutus kanggo mimpin ngindari kedadeyan kang ora dipenginke kuwi, nanging ana syarat kang kudu di tindake,

yaiku Harso kudu rabi karo wong padha-padha bangsawane, ing kunu posisine Harso wis nduwe bojo, lan bojone kuwi asale saka wong wedana, dadi yen Harso mimpin bupati kudu rabi maneh karo keturunan bangsawan, wadon keturunan bangsawan ing kunu jenenge Moeryam. Harso disuwun karo ramane kanggo ngrabi Moeryam dadi bojo keloro. Tuturan “pangapunten rama kula boten tega nglarani atine Ngasirah” kalebu ing fungsi implikatur ekspresif njaluk seputra, amarga tuturan kuwi mujudake njaluk seputra Harso marang ramane, amarga isih urung isa ngkarani ati Ngasirah kanggo ngrabi Moeryam lan ndadekake Moeryam bojo keloro ne.

#### 4.2.2.3 Fungsi Implikatur Ekspresif “ngelem”

Bendara	: hoalah, wong wadon kok awake apik tenan, wis tangane dawa, drijine mucuk eri, kulite aluss, ndoro ayu Sulastri iki panceh top <i>'haduh, anak perempuan kok badannya bagus sekali, tangannya Panjang, jarinya kaya ujung duri, ndoro Ayu Sulastri ini memang top'</i>
Sulastri	: mung mesem <i>'hanya senyum'</i>
Bendara	: hlo, ndoro ajeng Kartini ki kok malah tilem ki piye ta? <i>'loh, ndoro ajeng Kartini kok tambah tidur ini gimana?'</i>

Dhata ing nduwur mujudake cecaturan antarane Sulastri lan bendara. Kahanan cecaturan ing nduwur yaiku nalika bendara ngluluri Kartini lan Sulastri. Bendara ngelem awake Sulastri

Implikatur ing nduwur isine ngenani bendara kang lagi ngluluri Sulastri minangka ndoro ayu lan kahanane ana ing salah sawiji kamar kadipaten, ing kunu bendara karo nyanyi lan ngelem ndoro ayu Sulastri amarga wong wado awake endah banget, banjur tuturan kang mujudake saka fungsi implikatur ekspresif ngelem ana ing “hoalah, wong wadon kok awake apik tenan, wis tangane dawa, drijine mucuk eri, kulite aluss, ndoro ayu Sulastri iki panceh top” teka kunu isa dide leng yen bendara ngelem apike awak Sulastri kang drijine mucuk eri, tangane dawa tegese dudu tangan sing seneng nyolong nanging ing kene maknane tangan dawa endah lan kulite alus.

#### 4.2.3 Fungsi Implikatur Dhirektif

Dimaksutke gawe nimbulke saperangan efek lewat tumindak mitra tutur, tuladhane; mrintah, njaluk, nyaranke, nganjurke, lsp.

##### 4.2.3.1 Fungsi Implikatur Dhirektif “mrintah”

Kartini	: pak regole dibukak <i>'Pak gerbangnya di buka'</i>
---------	---

Pak Atmo	: tutup, tutup sik tutup <i>'tutup, tutup dulu tutup'</i>
Kartini	: ana apa pak ? <i>'ada apa pak?'</i>
Pak Atmo	: nyuwun sewu ndoro ajeng, kula dipundhawuhi kaliyan raden Slamet, ndoro ajeng boten pareng medal saking dalem kabupaten <i>'permisi ndoro Ajeng, saya dibilangi sama Raden Slamet ndoro Ajeng tidak boleh keluar dari rumah kabupaten'</i>

Dhata ing nduwur mujudake cecaturan antarane Kartini lan pak Atmo. Pak Atmo menging Kartini kanggo metu saka kadipaten.

Implikatur ing nduwur isine ngenani Kartini kang arep metu saka kadipaten kanggo ngeterake surat menyang Hoterhost mrintah bendara kang njaga gerbang kanggo mbukak regol utawa lawang gerbang supaya dheweke bisa metu, nanging nalikane printahe Kartini ditindake, disrobot karo pak Atmo bendarane dipenging mbukak gerbange, amarga pak Atmo diutus karo Slamet kangmase Kartini supaya Kartini ora bisa metu saka kadipaten. Dhata iki kalebu ana fungsi implikatur dhirektif mrintah amarga fungsi kasebut kinandhut an ing tuturan Kartini “pak regole dibukak”

#### 4.2.3.2 Fungsi Implikatur Dhirektif “takon”

Kartini	: ora isa iki, awake dhewe ora isa meneng wae iki <i>'tidak bisa ini, kita tidak bisa diam saja'</i>
Roekmini	: awake dhewe kudu pie? <i>'kita harus bagaimana?'</i>
Kartini	: aku kudu ngabarke nyonya Ovinksoer iki <i>'aku harus memberi kabar nyonya Ovinksoer ini'</i>

Dhata ing nduwur mujudake cecaturan antarane Kartini lan Roekmini. Kartini kudu ngabarke Ovinksoer yen dheweke dikurung ora oleh nyandi-nyandi karo kangmas Slamet.

Implikatur ing nduwur isine ngenani Kartini lan adhi-adhine kang ora oleh metu saka kadipaten, dheweke ora bisa meneng wae kanthi kahanan kaya ngono kuwi, banjur dheweke kudu ngabari nyonya Ovinksoer yen dheweke ora gelem dikurung. Dhata iki kalebu ana ing fungsi dhirektif takon amarga dibuktikake kanro tuturan “awake dhewe kudu pie?” tuturan kasebut nduwensi makna ukara pitakonan menyang Kartini apa kudu ditindake kanthi kahanan

kaya mengkono kuwi. Banjur dijawab karo Kartini yen dhewke kudu ngabari nyonya *Ovinksoer* ngenani kuwi kabeh.

#### 4.2.4 Fungsi Implikatur Komisif

Nglipatke pambicara tumrap saperangan tumindak kang arep ditindake, tuladhane; janjeni, nyumpah, nawarke, lan ngajabke.

##### 4.2.4.1 Fungsi Implikatur Komisif “janjeni”

Sino : kula ajrih kenging sapundalipun betalakala

‘saya takut mendapat kutukan dari betalakala’

Kartini : yowis aku sing nanggung dosane pak. Aku sing nanggung

‘yasudah saya yang menanggung dosanya, saya yang menanggung’

Dhata ing nduwur mujudake cecaturan antarane Sino tukang ukir lan Kartini. Tukang ukir wedi ngukir wayang amarga wedi kene kutukan betalakala.

Implikatur ing nduwur isine ngenani Sino minangka tukang ukir kayu kang wedi kena sapundal betalakala amarga diutus Kartini kanggo ngukir ukiran wayang, amarga sadurunge kuwi dheweke gatau nglukis wayang, ing jaman kuwi lukisan wayang dianggep keramat banget mula ora ana sing ngwani gambar wayang gawe medhia apa wae. Banjur Kartini semaur yen dheweke kang bakal nanggung dusane ngukir wayang, amarga dheweke kang ngutus. Dhata iki kalebu ana ing fungsi implikatur komisif janjeni amarga tuturan Kartini “yowis aku sing nanggung dosane pak. Aku sing nanggung” kuwi mujudake ukara yen dheweke kang bakal nanggung duso ngukir wayang

#### 4.2.5 Fungsi Implikatur Deklaratif

Ilokusi kang performansine kasil nyebabke korespondensi kang becik antarane proposisional karo realitas, tuladhane; mbebaske, nuduhake, ngukum, lsp.

##### 4.2.5.1 Fungsi Implikatur Deklaratif “Ngukum”

Moeryam : kowe ora oleh nyandi-nyandi sadurunge bupati Rembang mapak kowe, melbu!!!!

‘kamu tidak boleh kemana-mana sebelum bupati Rembang itu menjemputmu’

Kartini : Ibu, ibuu (karo nangis)

Dhata ing nduwur mujudake cecaturan antarane Kartini lan ibu sambunge Moeryam. Kartini dikurung menyang Kamar pingitan amarga arep dipinang bupati Rembang.

Implikatur ing nduwur isine ngenani Moeryam minangka biyung sambunge Kartini ngewnehi paukuman

marang Kartini amarga dianggep Kartini nglawan titah wong tuwane terus, ngrusak tradhisi amarga ora gelem dijodhoke karo Joyodiningrat bupati Rembang kang bakal nglamar dheweke. Dhata iki kalebu ana ing sajrone fungsi implikatur ngukum amarga tuturan “kowe ora oleh nyandi-nyandi sadurunge bupati Rembang mapak kowe, melbu!!!!” mujudake ukara kang ngewenehi paukuman marang Kartini yen Kartini ora oleh metu teka kamar sampe bupati Rembang teka nglamar dheweke, ing kono respone Kartini mung nangis karo nimbalji jenenge ibune.

## PANUTUP

### 5.1 Dudutan

Panliten perkara implikatur cecatura sajrone *film ‘Kartini’* kasebut ngasilake wujud kang ana ing tindak tutur para paraga *film ‘Kartini’*. Bisa didudut yen asile panliten ngenani implikatur cecaturan sajrone *film ‘Kartini’* yaiku ngandharake jinis implikatur cecaturan umum lan implikatur cecaturan khusus, fungsi saka implikatur cecaturan. Sajrone dhata cecaturan kang kalebu ana ing implikatur cecaturan umum ana 58 dhata, dene implikatur cecaturan khusus ana 20 dhata. Banjur fungsi kang kinandhut ana ing sajrone implikatur diperang dadi 5, yaiku fungsi implikatur asertif, fungsi implikatur ekspresif, fungsi implikatur dhirektif, fungsi implikatur komisif, lan fungsi implikatur deklaratif. Ing implikatur cecaturan sajrone *film ‘Kartini’*, banjur saben fungsi mau diperang maneh yaiku awujud fungsi implikatur asertif nyatakake lan fungsi implikatur asertif ngelem, sabacute yaiku fungsi implikatur dhirektif takon, fungsi implikatur dhirektif mrintah,. Ana saben saben perangan Ing nomer papat ana fungsi implikatur komisif janjeni, lan ing pungkasan ana fungsi implikatur deklaratif ngewenehi paukuman. Banjur ana saben-saben dhata uga diandharke makna saka implikatur cecaturan antar paraga sajrone *film ‘Kartini’*

### 5.2 Pamrayoga

Panliten iki isih akeh lupute, mula panliten ngarepake ana panyaru kang asipat mangun supaya panliten sabanjure bisa katindak luwih apik. Saliyane kuwi panliten pamrayoga kanggo panliten ngenani implikatur cecaturan sajrone film ‘Kartini’ yaiku, (1) isih akeh panliten ngenani implikatur ing basa Jawa kang durung ditliti kanthi jeru, mligine kanggo para mahasiswa basa Jawa diajab bisa luwih sregep nindake panliten ngenani implikatur ing basa Jawa, (2) panliten ngenani implikatur ing basa Jawa mligine implikatur sajrone *film* sing wis ana, mesthine nduwени luput lan kurang, mula diajab ana panliten kang bisa menehi koreksi tumrap asile panliten iki.

## Kapustakan

- Arikunto, Suharsimi. 2002. Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktek. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Azwar Saifuddin. 1998. Metode Penelitian. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Djarwanto. 1999. Petunjuk Teknis Penyusunan Skripsi. Yogyakarta: BPFE
- Djojosoeroto, Kinayati. 2004. Prinsip-Prinsip Dasar Penelitian Bahasa dan Sastra. Bandung: Nuansa.
- Kridalaksana. Hari Muriti. 1982. Kamus Linguistik. Jakarta: PT Gramedia.
- Leech, Geoffrey. 1983. Principles of pragmatics. New York: Longman
- Levinson, Stephen C. 1991. Pragmatics. Cambridge: Cambridge University Press.
- Mahsun. 2005. Metode Penelitian Bahasa. Jakarta: PT. Raja Gafindo Persada.
- Moeloeng, Lexy J. 2012. Metodologi Penelitian Kualitatif. Bandung: Remaja Rosdakarya
- Nadar, FX. 2009. Pragmatik dan Penelitian Pragmatik. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Parera, J.D. 1990. Pengantar Semantik. Jakarta: Erlangga
- Searle, John R. 1979. Expression and meaning. Cambridge: Cambridge University
- Sudaryanto. 1993. Metode dan Aneka Analisis Bahasa Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan secara Linguistik. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sugiyono. 2006. Memahami Penelitian Kualitatif. Bandung: Alfabet.
- Wijana, I. Dewa Putu. 1996. Dasar-Dasar Pragmatik. Yogyakarta: Andi Offset
- Zaim, M. 2014. Metode Penelitian Bahasa Pendekatan Struktural. Padang: FBS UNP Press Padang.
- Larissa Amadea P.Z, 2019 “Implikatur Percakapan Dalam pembelajaran Bahasa Indonesia Di Sekolah” (Jurnal mahasiswa Universitas Gajah Mada)
- Nisa, Fithratun& Jumadi. 2014.”Implikatur yang Terungkap dalam Film Habibie dan Ainun.” (Jurnal Bahasa, Sastra, dan Pembelajarannya. Volume 4 Nomor 2)
- Rahayu dan Rustono.2017. “Fungsi Pragmatis Implikatur Percakapan Wacana Humor Berbahasa Jawa pada Rubrik Thengil di Majalah Anca.” Seloka Volume 6 Nomor 2.
- Susrawan, I Nyoman Adi.2015 “Implikatur Percakapan dalam Komunikasi Antarsiswa Di SMP N 1 Sawan Singaraja.” (Jurnal Santiaji Pendidikan.) Volume 5 Nomor 2
- M.Basir, Udjang Pairin “Menulis Artikel : Konsep Dasar dan Aplikasi”.